

BAB III MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data Panalungtikan

3.1.1 Populasi

Populasi nyaéta sakabéh objék anu ditalungtik (Arikunto, 2013, kc. 173). Nilik kana pamadegan di luhur, bisa dicindekeun yén populasi tina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat taun ajar 2014/2015.


3.1.2 Sampel

Sampel nyaéta sabagéan atawa wawakil tina populasi anu ditalungtik (Arikunto, 2013, kc. 174).

Anu jadi sumber data tina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat taun ajar 2014/2015, anu jumlahna aya 32 urang, 23 urang awéwé jeung 9 urang lalaki. Dipilihna kelas X Administrasi Perkantoran jadi sampel panalungtikan nyaéta ku lantaran di kelas X Administrasi Perkantoran masih loba kénéh siswa nu héngkér dina nyarita make basa Sunda.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test* jeung *post-test*.



Desain Panalungtikan *Pre-test and Post-test Group*

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Keterangan :

O_1 = *pre-test*

X = *treatment*

O_2 = *post-test*

3.3 Métoeu Panalungtikan

Métodeu anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu kuasi ékspérimén atawa ékspérimén semu. Panalungtikan ékspérimén kuasi atawa ékspérimén semu diartikeun mangrupa panalungtikan nu hampir sarua jeung panalungtikan ékspérimén. Nurutkeun Sukardi (dina Syamsudin jeung Damaianti, 2011, kc. 23) jenis panalungtikan ieu loba dipaké di widang atikan atawa bidang séjén nu subjék panalungtikanna nyaéta jalma anu teu bisa dimanipulasi jeung dikontrol sacara inténsif. Tujuanna nyaéta pikeun meunangkeun informasi kalawan maké métodeu kuasi ékspérimén.

Kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman diukur dua kali, nyaéta saméméh (*pre-test*) jeung sanggeus dibéré perlakuan ku cara maké modél *picture and picture* (*post-test*).

3.4 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.4.1 Variabel

Dina ieu panalungtikan aya dua variabel, nyaéta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébas nyaéta variabel anu mangaruhan kana variabel séjénna, sedengkeun variabel kauger nyaéta variabel anu dipangaruhan ku variabel bébas.

Anu jadi variabel bébas dina ieu panalungtikan nyaéta modél pangajaran *picture and picture* salaku faktor anu mangaruhan, sedengkeun anu jadi variabel kauger nyaéta kamampuh nyarita siswa kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat taun ajaran 2014/2015.

3.4.2 Wangenan Operasional

Dumasar kana pedaran panalungtikan anu sipatna leuwih teoritis, ieu di handap baris dipedar deui wangenan panalungtikan dina wangun anu leuwih operasional, di antarana:

- 1) kamampuh nyarita nyaéta kamampuh anu dipimilik ku hiji jalma pikeun ngedalkeun naon nu aya dina pikiranana, kereteg haténa boh mangrupa idé atawa gagasan ku cara omongan atawa caritaan.
- 2) paguneman nyaéta patukeurna omongan anu dimimitian sarta disawang dumasar kaédah-kaédah jeung norma-norma gawé bareng anu dipikaharti sarta dipikabutuh sacara umum.
- 3) modél pangajaran anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *picture and picture*, anu bisa dijadikeun stimulus dina pangajaran nyarita sarta bisa ngahudang sumanget siswa, boh pikeun nyarita paguneman boh pikeun mikaresep Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda sacara umum.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nyusun instrumén mangrupa salasihiji hal penting dina léngkah panalungtikan. Éta nu nyababkeun nyusun instrumén data kudu dipigawé sacara serius sangkan meunang hasil nu luyu jeung pungsina. Lamun nalika ngumpulkeun data aya kasalahan, hal éta bakal mangaruhan kana hasil kacindekana (Kuswari, 2008, kc. 19). Data anu dihasilkeun tina instrument panalungtikan dipaké pikeun ngajawab hipotésis jeung masalah anu aya dina panalungtikan. Instrumen anu dipake dina ieu panalungtikan nyaéta dina wangun tés.

Dina ieu panalungtikan aya dua tés nyaéta tés saméméh jeung sabada *treatment*. Tés kahiji tujuanna pikeun ngukur kamampuh nyarita siswa dina paguneman ari tés kadua tujuanna pikeun mikanyaho pangaruh modél *picture and picture* kana kamampuh nyarita siswa dina paguneman. Ieu di handap soal tés anu dipaké dina panalungtikan

Soal *Pre-test*

1. Pék sadérék jieun kelompok!
2. Unggal kelompok jieun hiji paguneman kalawan merhatikeun kaédah-kaédahna, témana “Konférénsi Asia Afrika”!
3. Unggal kelompok ngaragakeun pagunemanana di hareupeun kelas!

Soal *Post-test*

1. Pék sadérék jieun kelompok!
2. Unggal kelompok jieun hiji paguneman, kalawan niténan katangtuan ieu di handap!
 - Susun gambar nu geus disadiakeun ku guru nepi ka jadi runtuyan carita nu logis.
 - Perhatikeun kaédah pagunemanana.
3. Unggal kelompok ngaragakeun pagunemanana di hareupeun kelas!
4. Susunan Gambar :

Dina ieu panalungtikan salian instrumén tés pikeun ngukur kamampuh siswa dina nyarita, digunakeun ogé instrumén gambar. Gambar dina ieu panalungtikan minangka alat anu kalintang penting, lantaran dina modél pangajaran *picture and picture*, gambar dipaké pikeun méré stimulus, imajinasi sarta méré alternatif carita siswa dina nyarita.

Gambar anu dipake dina ieu panalungtikan aya genep gambar saperti ieu di handap.



Sumber: www.google.com

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik dina ieu panalungtikan téh maké téhnik tés. Tés di dieu mangrupa alat ukur pikeun mikanyaho kamampuh nyarita dina paguneman saméméh jeung sanggeus maké modél *picture and picture*. Dina ieu panalungtikan maké dua kali tés. Tés *awal* atawa *pre-test* tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nyarita saméméh di *treatment* maké modél *picture and picture* ari tés ahir atawa *post-test* tujuanna pikeun ngukur kamampuh nyarita sabada di *treatment* kalawan maké modél *picture and picture*.

Rahmat Gumilar Supardi, 2016

MODÉL PANGAJARAN PICTURE AND PICTURE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NYARITA DINA PAGUNEMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Léngkah- léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan baris dipedar ieu di handap.

- 1) Siswa ngerjakeun pancén anu mangrupa tés awal (*pre-tést*) jeung tés ahir (*post-tést*) kalawan nyieun paguneman tur dipidangkeun di hareupeun kelas.
- 2) Sanggeus mikanyaho pangaweruh siswa dina nyarita ngaliwatan tés awal anu geus dilaksanakeun, panalungtik nyadiakeun pakakas anu ngarojong pikeun dilarapkeun modél pangajaran *picture and picture*, saperti nyiapkeun matéri pangajaran jeung gambar pilihan anu luyu jeung matériana.
- 3) Ngalaksanakeun prosés pangajaran nyarita dina paguneman ngagunakeun modél pangajaran *picture and picture*.
- 4) Sanggeus ngalaksanakeun perlakuan (*treatment*), siswa dibéré tés ahir (*post-tést*) pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteuna kamampuh siswa dina nyarita sabada ngagunakeun modél pangajaran *picture and picture*.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan baris dipedar ieu di handap.

- 1) Ngarobah caritaan siswa dina wangun lisan kana wangun tulisan;
- 2) Mariksa hasil tés awal jeung tés ahir siswa; jeung
- 3) Meunteun kana hasil tés awal jeung tés ahir caritaan siswa. Carana nyaéta maké pedoman anu geus ditangtukeun saperti dina tabél ieu di handap.

$$a. \text{Skor atah} = \frac{\text{Skor nu dihontal}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

Keterangan

KKM : 75

Peunteun maksimal : 100

Katégori : Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap mampuh nyarita dina paguneman nu bener. Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap can mampuh nyarita dina paguneman nu

bener.

Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap mangrupa tabél kritéria meunteun kamampuh nyarita siswa.

b. **Tabél 3.1**
Format Meunteun Kamampuh Nyarita dina Paguneman

Ngaran Siswa :

Kelas :

No	Aspék anu Dipeunteun	Skala Penilaian					Bobot	Skor
		1	2	3	4	5		
1	Ucapan (gancang - kendorna)							
2	Lentong (wirahma, randegan)							
3	Pasemon (éksprési)							
4	Réngkak jeung peta							
5	Téhnik pidangan							
Jumlah Skor/Ajén								

(Kosasih, 2009, kc. 120)

Keterangan :

Bobot Idéal = 25

Skor Idéal = 100

$$\text{Skor} = \frac{\text{Bobot} \times \text{Skor Idéal}}{\text{Bobot Idéal}}$$

Tabél 3.2
 Katégori Peunteun Siswa Dumasar kana Skor

Jumlah Skor	Katégori Peunteun Siswa Dumasar kana Skor
81-100	Hadé Pisan
61-80	Hadé
41-60	Cukup
21-40	Kurang
0-20	Kurang Pisan

Pedoman Skala Penilaian

1. Ucapan (gancang - kendorna)

- Bobot 1 : Henteu jéntré nyarita pagunemanana, teu puguh gancang kendorna.
- Bobot 2 : Kurang jéntré, kurang puguh gancang-kendorna.
- Bobot 3 : Cukup jéntré teu pati puguh gancang-kendorna.
- Bobot 4 : Jéntré nyarita pagunemanana, pas gancang-kendorna.
- Bobot 5 : Jéntré pisan nyarita pagunemanana, puguh gancang-kendorna..

2. Lentong (wirahma, randegan)

- Bobot 1 : Henteu merenah lentongna, teu puguh wirahma jeung randeganana.
- Bobot 2 : Kurang merenah lentongna, can pas wirahma jeung randeganana.
- Bobot 3 : Cukup merenah lentongna, kurang pas wirahma jeung randeganana.
- Bobot 4 : Merenah lentongna, pas wirahma jeung randeganana.
- Bobot 5 : Merenah pisan lentongna, puguh wirahmana jeung randeganana.

3. Pasemon (éksprési)

- Bobot 1 : Éksprési henteu tenang sarta geumpeur

- Bobot 2 : Éksprési tenang sarta geumpeur
 Bobot 3 : Éksprési cukup tenang rada geumpeur.
 Bobot 4 : Éksprési hadé, lumayan tenang henteu geumpeur
 Bobot 5 : Éksprési hadé pisan, tenang henteu gempeur.

4. Rengkak jeung Peta

- Bobot 1 : Sikep midang henteu wajar sarta teu sopan.
 Bobot 2 : Sikep midang kurang wajar sarta kurang sopan.
 Bobot 3 : Sikep midang cukup hadé, wajar teu pati sopan.
 Bobot 4 : Sikep midang hadé, lumayan wajar sarta sopan
 Bobot 5 : Sikep midang hadé pisan, wajar sarta sopan.

5. Téhnik Pidangan

- Bobot 1 : Pidangan henteu ngirut pamiarsa sarta henteu luyu jeung skénario paguneman.
 Bobot 2 : Pidangan kurang ngirut pamiarsa sarta kurang luyu jeung skénario paguneman.
 Bobot 3 : Pidangan cukup hadé, ngirut pamiarsa teu pati luyu jeung skénario paguneman.
 Bobot 4 : Pidangan hadé, lumayan ngirut pamiarsa sarta luyu jeung skénario paguneman.
 Bobot 5 : Pidangan hadé pisan, ngirut pamiarsa sarta luyu jeung skénario paguneman.

3.7.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dipigawé sabab ayana sarat anu kudu dicumponan saacan panalungtik nangtukeun téhnik analisis statistik. Uji sipat data dina ieu panalungtikan aya dua, nyaéta uji normalitas jeung uji homogénitas. Uji normalitas nyaéta pikeun nguji normalitas sampel. Data anu miboga distribusi normal diolah ku cara analisis paraméतिक kalawan maké *t-test*. Data anu distribusina teu normal diolah maké analisis non paraméतिक kalawan maké *Wilcoxon Match Paris Test*. Satuluyna uji homogénitas nyaéta pikeun nguji

distribusi data nu teu normal sarta tujuanna pikeun nangtukeun homogénitas data nilai siswa.

3.7.1.1 Uji Normalitas Data

Dina Statistik Paramétrik miboga sarat yén dianalisis kudu miboga distribusi normal. Ku kituna kudu ngayakeun uji normalitas data. Pikeun nguji distribusi hiji data normal atawa henteuna bisa maké rumus *chi* kuadrat (X^2).

Léngkah-léngkah nu kudu dipigawé saméméh maké *chi* kuadrat saperti ieu handap.

- Nangtukeun skor panggedéna jeung pangleutikna. Éta skor ngacu kana hasil nyarita paguneman siswa.
- Néangan batas-batas interval : nangtukeun rentang skor kalawan maké rumus

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna.}$$

- Nangtukeun lobana kelas (K) kalawana maké rumus:

$$K = 1 + 3,3 \log N$$

- Nangtukeun panjangna kelas (P) kalawan maké rumus:

$$P = \frac{r}{k}$$

- Nyieun tabél distribusi frékuénsi peunteun tés awal jeung tés ahir kalawan maké tabél:

Tabél 3.3

Distribusi Frékuénsi Peunteun

No	Interval	F_i	X_i	x_i^2	$f_i \cdot x_i$	$f_i \cdot x_i^2$

Keterangan:

f_i : Jumlah data

x_i : nilai tengah

f). Pikeun néangan rata-rata peunteun maké rumus:

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i}$$

g). Pikeun néangan standar déviasi kalawan maké rumus:

$$SD = \frac{\sqrt{n(\sum f_i \cdot x_i^2) - (\sum f_i \cdot x_i)^2}}{n(n-1)}$$

h). Pikeun ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi (perkiraan)

Tabél 3.4

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	O_i	BK	Z_{itung}	Z_{tabel}	L	E_i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$

Keterangan

O_i : Frékuénsi Obsérvasi

BK : Batas Kelas

Z_{itung} : Transformasi normal

Z_{tabel} : Standard normal
 L : legana unggal kelas interval

E_i : Frékuénsi ékspéktasi
 X^2 : Chi kuadrat

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

i) Pikeun nangtukeun derajat kabebasan (dk) maké rumus:

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

j). Nangtukeun harga X^2 tabel

k). Nangtukeun normalitas data kalawan maké kritéria ieu di handap.

x^2 itung $<$ x^2 tabel hartina distribusi data normal

x^2 itung $>$ x^2 tabel hartina distribusi data teu normal

3.7.1.2 Uji Homogénitas

Salian nguji normal henteuna distribusi data hiji sampel, panalungtik ogé perlu nguji homogénitas ka sababaraha sampel, nyaéta seragam henteuna variansi sampel-sampel nu dicokot tina populasi nu sarua (Arikunto, 2013, kc. 363).

Ieu di handap mangrupa léngkah-léngkah ngitung uji homogénitas dina ieu panalungtikan.

a) Ngitung variansi masing-masing kelompok *pre-test* jeung *post-test* maké rumus:

$$S_x^2 = \frac{n \cdot \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)} \qquad S_y^2 = \frac{n \cdot \sum y^2 - (\sum y)^2}{n(n-1)}$$

b) Hasil tina varian diasupkeun kana distribusi F maké rumus:

$$F = \frac{S_{\text{besar}}}{S_{\text{kecil}}}$$

c) Nangtukeun derajat kabebasan

$$dk = n - 1$$

d). Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu dihandap.

$$\begin{aligned} F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}, & \text{ hartina data teu homogén} \\ F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}, & \text{ hatina data homogén} \end{aligned}$$

3.7.1.3 Uji Gain

Tujuan uji gain téh pikeun nangtukeun naha aya béda nu signifikan antara peunteun tés awal jeung tés ahir. Tina uji gain bisa meunang gambaran naha aya béda anu signifikan antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir siswa dina nyarita sanggeus dibéré *treatment*. Pikeun migawé uji gain bisa maké tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.5

Uji Gain (D) Tingkat Kamampuh Nyarita Siswa Maké Modél Pangajaran *Picture and Picture*

No.	Kode Siswa	Peunteun Tés Awal	Peunteun Tés Ahir	D	d ²

3.7.1.4 Uji Hipotésis

Saumpama data hasil uji normalitas nunjueun distribusi data normal, mangka nguji hipotésis maké kaidah-kaidah statistik paraméтик kalawan maké uji *t-test*. Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- a. Nangtukeun Mean tina béda tés awal jeung tés ahir (Md) kalawan maké rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

- b. Nangtukeun Derajat Kebebasan (db) kalawan maké rumus:

$$dk = n - 1$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

- c. Nangtukeun kuadrat deviasi kalawan maké rumus :

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

- d. Nangtukeun t kalawan maké rumus:

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

Ditarima henteuna hipotésis dumasar kritéria di handap:

- a. Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$ hartina hipotésis ditarima, yén modél *picture and picture* bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita siwa kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat.

- b. Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$ hartina hipotésis ditolak, yén modél *picture and picture* teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat.